

**ДÆХЕНИМÆРИ ЦИ ДЗОРИС, УОМÆН ТÆРХОНГÆНÆГ ДÆХУÆДÆГ, ÆРГОМÆЙ ЦИ ЗÆГЪИС, УОМÆН БА – АДÆМ!..**

***Саади ШИРАЗИ**, рагон персайнаг поэт: «Зунди куст цийфæнди гъигæ æма маст дæр басæтдзæнæй... Æгæр масти ку уай, уæд адæмбæл тас æфтауис, уæдта рæвдудæн дæр бæрцæ ку нæ зонай, уæд дæ кадæ дæлæмæ хауй. Уотæ карз ма уо, æма адæмæн куд исæнадæ уай, уæдта уæхæн фæлмæнзæрдæ дæр ма уо, æма ди иннетæ æдзæсгонæй куд пайда кæнонцæ... Еске бунати ма исбадæ, уæдта тухгиндæрти ’хсæн дæхецæй домбай ма аразæ...»*


Цæуун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№2 (1019) 2026 анзи 24 январь – æнсури мæйæ

Аргъ 1 туман


**АРФИАГ ГЪУДДАГ ИСАРАЗУН КЕ ЗÆРДИ УА, АРАЗГÆ ДÆР ÆЙ Е КÆНУЙ!..**



# «МАШÆ ÆМА АРС» ДИГОРОНАУ ИСДЗУРДТОНЦÆ ЧИКОЛАЙ!..

**Рагæй-æрæгæмæ дæр, æвæдзи, æнæгъæнæ Иристони культурон царди дæр ка нæма адтæй, уæхæн алæмæти æма дести æфтауæг аййевадон цау арæзт æрцудæй Ирæфи райони. Уотæ æнгъæл ан, æма дзиллæн хуарз зундгонд æй мультипликацион кинонивæ «Машæ æма Арс». Куд зонæн, уотемæй имæ хъæбæр зæрдæхцæуæнæй фæккæсунцæ еугурæй дæр, кæстæрæй-хестæрæй. Æ хъайтартæ сæ дзубандитæ кæниуонцæ уруссагау, нур ба исдзурдтонцæ дигоронау!.. Уомæн син фæййагъаз кодтонцæ Ирæфи райони культури Галауани адæмон театри хуæдахур артисттæ, сæ разамонæг нæ республики æскъуæлхт артисткæ Цæрикъати Римæ.**

**– Куд мæхе, уотæ нæ адæмон театри исфæлдистадон къуари дæр хъæбæр фæндадтæй аци, адæмæн уой бæрцæбæл æхцæуæн кинониви хъайтартæ нæ райгурæн Чиколай культури артдзæсти сценæбæл фæззинниуонцæ æма нæ маддæлон æвзагбæл си райгъусонцæ сæ хабæрттæ, сæ дзубандитæ, – зæгъуй Римæ.**

**Æма сæ еци бæлдæ исæнхæст кæнун æгæрдæр ма бантæстæй. Уомæн тæккæ хуæздæр æвдесæн – сæ бацæттæгонд спектаклæн зæронд нимадмæ гæсгæ Нæуæг Анзи фæдбæл бæрæгбæнтти рæстæг ци æртæ премьерон равдисти адтæй, уонæми культури Галауани агъазиау зали адæмæй, куд фæззæгъунцæ, къох бакæнæн дæр нæ адтæй. Хъæбæр æхцæуæн нин æй сæ еци æнтæст, æма уой фæдбæл нæ бæлвурддæр дзубанди æй, абони нæ газети 4-5-аг фæрстæбæл ци æрмæг мухур кæнæн, уоми.**

**НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР**


**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙЕДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**


**ЕУГУРАДÆМОН ГЪУДДАГ**




## НÆ АДÆМТИ ЕУДЗИЙНАДÆ – НÆ ХЪАУРÆ, НÆ НИФСДÆТТÆГ

Нæуæг анзи хуæдразмæ Уæрæсей Президент **Владимир Путини** разамундæй арæзт æрцудæй адæмихæттити ’хсæн рахастдзийнæдти Совети æмбурд. Æма уоми æ радзубандий нæ бæсти разамонæг куд бахханхæ кодта, уотемæй Уæрæсей алкæддæр бæрзонд æвæрди адтæй æма абони дæр æй æхсæнадон æма адæмон еудзийнадæ, нимад цудæй æма цæуй нæ тæккæ устурдæр хæзнабæл, нæ еумæйаг цардарæзти сæйрагдæр бундорбæл. Еци æмбурди Владимир Путин хуарзбæл банимадта 2026 анз, куд Уæрæсей адæмихæттити еудзийнади анз, уотæ иснисан кæнуни фæндæ.

2

**НÆ ЦИТГИН БÆРÆГБÆНТТÆ**



## ФАЦБАДÆН

Дигори дзиллæ абони, 24 январи бæрæг кæнун райдайдзæнæнцæ нæ адæми цитгиндæр бæрæгбæнттæй еу – Фацбадæн. Уой фæдбæл арæзт кувдтитæ арæзт цæунцæ нæ адæми ервæзунгæнæг Идауæги кадæн – Хуцауи дзурдæй сæ е недзаманти фудбæлаххæссæг адзал «еминæй» фæййервæзун кодта. Сæ цитгин бæрæгбони кадæн адæм ци зартæ искодтонцæ, уонæй еуеми дæр хумæтæги нæййес мæнæ ауæхæн дзурдтæ: «Зæрæндтæ нæуæг кæмæ кодтонцæ, биццеутæ лæгтæ кæмæ кодтонцæ, байраг бæх кæмæ кодта, дзиллитæ сæхе цæттæ кæмæ кодтонцæ, нæ еци устур бæрæгбон».

Фацбадæни бæрæгбони туххæй ци берæ æрмæгутæ зундгонд æнцæ нæ адæми ’хсæн, уонæй еу мухур кæнæн нæ газети абони номери 8-аг фарсбæл.


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Гвардий политрук ГАССИТИ Андрей тохæг æфсадæй финста: «Цæгат Кавкази адæмти минæвæрттæ сæ еумæйаг æмбурди ци фæдздзурд исфедар кодтонцæ, е бæлвурдæй равдиста нæ фидтæлти бæгъатæрдзийнади традицитæ нерæнгæ дæр ма ке цæрунцæ кавказæгти зунди æма зæрдити.***

## ЕУГУРАДÆМОН ГЪУДДАГ

### НÆ АДÆМТИ ЕУДЗИЙНАДÆ – НÆ ХЪАУРÆ, НÆ НИФСДÆТТÆГ

Уой фæдбæл дзоргæй, цæмæй никки ахедгæдæрæй пайдагонд цæуонцæ, ци берæ гæнæнтæ æма равгитæ нæмæ ес нæ бæсти цæрæг адæмти 'хсæн рахастдзийнæдтæ зæрдæмæдзæугæдæр æма гъомусгиндæр кæнунæн, уонæй æнхæстæй пайдагонд цæуа. Цард цард æй, алцидæр си æрцæуй, æма национ кенæ конфессионалон рахастдзийнæдти цидæр къуæхцитæ ку фæззинна, уæд æвæстеуатæй еуварсгонд куд цæуонцæ, нæлæдæрундзийнадæ куд нæ иситинг уа.

– Федар нихкъуæрд гъæуама лæвæрд цæуа, адæмти 'хсæн дехдзийнæдтæ исæвзурун кæнунбæл кадæриддæр архайуй, уонæн. Еци цардихалгутæ сæхуæдтæ бадунцæ фæсарæнти, материалон фæрæзнитæй ефтонгонд цæунцæ уони сæрмагонд службитæй, уони ардудæй архайунцæ æма сæ нисан еу æй: «Нæ бæсти цæрæг адæмихæттити 'хсæн кæрæдзей лæдæрундзийнадæ æма бастдзийнадæ æрлæмæгъ кæнун. Уой туххæй ба пайда кæнунцæ еугур мадзæлттæй дæр. Еци кусти сæ зæрдæ дарунцæ нихмæлæууæг къуæрттæбæл, – бахахæ ма кодта В.В. Путин.

Фæсарæнти арæзт цæунцæ Уæрæсей нихмæ архайæг аллихузон нæуæг æма нæуæг организацитæ, центртæ, кæцитæн сæ архайди нисан æй информацион цардихалæн куст.

Сæдæгай æнзти дæргъи знаггадæгæнгутæ аллихузон мадзæлттæй тухтæнцæ нæ нихмæ æма син нæ бантæстæй Уæрæсе ниссæттун, фал уæддæр сæ куст ба нæ уадзунцæ.

Еци гъуддагæн æнæ хинцæн нæййес. Гъæуама сæ нихмæ лæууæн никки гъæддухдæрæй, цидæриддæр ихалæн миутæ арæзунцæ, уонæн гъæуама аккаг нихкъуæрддæттæн мадзæлттæ арæзт цæуа.

Æмбурди дзубанди ци берæ фарстати фæдбæл цудæй, етæ, федарæй ни æруагæс кæнуй, никки æнтæстгиндæрæй æнхæстонд цæудзæнæнцæ аци анз, Уæрæсей цæрæг адæмихæттити еудзийнади Анзи дæргъи. Мах дæр нæ газети мухур кæндзинан уой фæдбæл æрмæгутæ. Уонæй еу – Устур Фидибæстон тугъди карздæр рæстæги Цæгат Кавказ еугур адæмихæттити минæвæртти антифашистон митинги туххæй – кæсетæ абоникон номери. Кæддæр ма 'й мухур кодтан, фал уин æй нæуæгæй æрлæууун кæнуйнаг ан уæ зæрдæбæл, уомæн æма е ирд æвдесæн æй, нæ адæмтæ сæ еудзийнади фæрци цæйбæрцæбæл тухгин æнцæ, комкоммæ уой фæрци ниддæрæн кодтонцæ æнæгъæнæ Европæ басæттæг фашистон Германи.





# «ИРÆЗУЙНАГ НИН ХУÆРЗНОМГИНÆЙ КУД БАЙЛÆГЪ КÆНА!..»

Устур Фидибæстон тугъд куддæр райдæдта, уотæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохмæ фæдесонæй ка фæннæхстæр æй, уонæн сæ фиццæгти хæццæ адтæй искурдиадæгин æригон поэт Калоти Хазби дæр. Уæд æ фæндаразти финстæгти уотæ соми кодта: *«Æз цæуын… Цæуын, æмæ, чи зоны, фæстаджы балцы… Гъей, цæй даргъ у, цæй алыхуызон у мæ фæндаг! Хорзæй баззай, мæ райгуырæн Ир!.. Уарзын дæ… Уарзын дæ æмæ курын, ма мæ ферох кæн. Ницы дын радтон хорзæй, нæ уыд рæстæг… Ехх! Фæлæ мæ бон уыд уарзын, бауромæн кæмæн нæй, ахæм уарзондзинадæй…»*

Нæ цардбæллон фæсевæдæй еу, уомæ дæр берæ рæсугъд фæндитæ адтæй, берæ хуарздзийнæдтæй фескъуæлхунмæ гъавта: *«О цас уарзын!.. Бабын уа, мах чи фæхицæн кодта, нæ цард нын чи сызмæста, уый бын бауа!*

*Цавæр фæндтæ уыд мæ сæры, цæмæты бæллыдтæн!.. Гъей, бæллиццаг цард!..»*

Фал æй æ бæлдитæй, æхе загъдау, фæффудевгед кодта æнахайири тугъд. Æма мастесæгæй дæр уомæ гæсгæ фæннæхстæр æй знаги нихмæ тохмæ. Лæдæрдтæй æй, æ еци балци цæйбæрцæбæл тæссаг æй, мæлæтдзаг тæссаг. Фал уæддæр æ нет адтæй федар:

*«Æгъгъæд æнкъарддзинад! Схæц-ма дæхиуыл, мæ хорз æмбал, дæ цæстысыгтæ куы 'руагътай! Цæй тыххæй уæд?.. Æви дæм кæуинаг кæсы мæ хъысмæт?.. Нæ, рæдийыс… Бауром сæ. Æз нæ уарзын цæстысыгтæ, ма сæ хардз кæн, æвгъау сты… Бахуд фæлтау, бахуд дæ мидбылты æмæ мын мæ цæстытæм кæс. Æз нæ фефсæрмы уыдзынæн… Кæнæ та райс дæ фæндыр, фæндарасты цагъд мын æркæн. Уадз æмæ мæ зæрдæ мауал цæуа мæ риуы, рæдува йæхи æддæмæ, уадз æмæ æхсида мæ туг дæ цагъдмæ!..»*

Уой хæццæ ба ма фæдзахста: *«Уырны мæ, иу бон дæм кæй фæзындзынæн, иу бон дын æнæнхъæлæджы дæ рудзынг кæй бахойдзынæн, уый.*

*Æнхъæлмæ кæс… Ма ферох кæн!..»*

Гъулæггагæн, нæбал ин бантæстæй тугъди будуртæй æ фидиуæзæгмæ сæрæгасæй исæздæхун – афицер Калоти Александри фурт Хазби 1943 анзи, Курски сурхзинг къæлæт ке хонунцæ, уоми знæгти нихмæ æ цард иснивонд кодта æ Райгурæн бæсти сæрбæлтау.

Аци хабæрттæ цæмæ гæсгæ имисæн? Фиццагидæр, уомæн æма цæмæй рæстуодæй æнхæст кæнæн не 'дзард æхсаргин тугъдони уосиат: «Ма нæ ферокх кæнетæ!..» Еци уосиат уæлдайдæр ба нæ кæстæртæн: уони рохс нæмттæ имисгæй æма сæ зæрдæбæлдаргæй син уонцæ фæнзуйнаг.

Гъо, нæ уæди рæстæгути фæсевæд алæмæти нифсхаст адтæнцæ, разæнгард адтæнцæ Фидибæсти сæрбæлтау рæстуодæй хъазауат кæнунмæ. Сæ еци уодигъæдæ уæлдай бæлвурдæй рабæрæг æй Устур Фидибæстон тугъди рæстæг.

Нуртæккæ рæстæгутæ берæ цæмæйдæр æндæрхузон æнцæ. Фал уæддæр æнæййевгæй цардгъон æнцæ нæ дзилли удиконди табуйагдæр менеугутæ: рæстзæрдæдзийнадæ, нæ Фидибæстæбæл æновуддзийнадæ, æ сæрбæлтау арфиаг гъуддæгутæй æскъуæлхунмæ тундзундзийнадæ. Уой куд нæ лæдæрунцæ, абони нæ паддзахади нихмæ ка архайуй, етæ дæр. Æма уой фæдбæл ци фудмиутæ арæзунцæ, уони сæйрагдæр нисанеуæгтæй еу æй – нæ ирæзгæ фæлтæрти сæри зунд исусхъуммитæ кæнун, сæ зæрдихатт син исæндæрхузон кæнун æма сæ сæхе фæндæуагæ фурвуд нæдтæбæл исаразун.

Æма син цæмæй сæ еци маргæйдзаг фæндитæ ма бантæсонцæ, уой туххæй ба нæ гъæуй нæ ирæзгæ фæлтæри



ГОБЕТИ Ибрагим

гъомбæладон куст ахедгæдæр, кæстæртæн сæхецæн зæрдæмæдзæугæдæр хузи аразун.

Уой фæдбæл лæмбунæг дзубанди цудæй, нæ республики Сæргълæууæги æма Хецауади администраций разамонæг **Гобети Ибрагимæн** нæ республики педагогон æхсæнади минæвæртти хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми дæр.

Фембæлди рæстæг уæлдай бæлвурд æргом æздæхт æрцудæй сувæллæнттæн сæ удигъæди ирæзти райдайæни ахурадон-гъомбæладон, патриотон-рохситауæн куст ахедгæдæр хузи арæзунмæ ци берæ аллихузон фæззелæнтæ ес, уони нуриккон уавæртæмæ гæсгæ нимайгæй, фæсевæди раст зундирахастбæл тулаваст унбæл еузæрдиуон кæнунмæ.

Гобети Ибрагим æ радзубандий куд фæббæрæг кодта, уотемæй Уæрæсе абони берæ тухстдзийнæдтæ æййафуй, нæ бæсти нихмæ архайæг тухтæ сæ кæнон нæ уадзунцæ, аллихузон санкцитæ æма æндæр гæрæнтæй нæмæ æвзедунцæ.

Уæхæн уавæри ба нæ бæсти еугур дзиллæ дæр гъæуама æвдесонцæ, сæ рæстзæрдæдзийнадæ, никки æнгомдæр гъæуама æрбалæууонцæ кæрæдзей фарсмæ, цæстигагуй хузæн гъæуай кæнонцæ нæ цитгин фидтæлтæ нин ци уодварнон хæзнатæ, цардгъонгæнæг æгъдæуттæ æма фæткитæ ниуугътонцæ, уони. Ке зæгъун æй гъæуй, еци гъуддаг рæстмæ æнхæст кæнун абони зингомау æй. Интернет æма æндæр нуриккон техникон æгъдауæй тухгин информацион фæрæзнитæ цæмæйдæрти кæд хиццаг æнцæ, уæддæр сæ зæран дæр агъазиау æй. Æма нæхуæдтæ куд арæхсæн, уотæ нæ кæстæрти ахур кæнæн, уони 'хсæн раст æма мæнгæ игъосункæнуйнæгтæ лæдæрунбæл дæр æма син гъæугæ аргъ кæнунбæл дæр. Гобей-фурти дзубандимæ гæсгæ, уæхæн информацион хилкъахæн «æрбампурстæй» уæлдай гъæуайкæнуйнаг æнцæ ирæзгæ фæлтæр æма фæсевæд. Уæхæн фæззиндтитæй кæстæрти багъæуай кæнуни гъуддаги ба уæлдай ахедундзийнадæ ес ахурадон организацитæн.

Уой фæдбæл Гобей-фурт æ радзубандий уотæ баханхæ кодта:

– Ирæзгæ фæлтæрти хæццæ косун, арф зонундзийнæдтæ син дæттун, Фидибæстæбæл æновуд унбæл сæ ахур кæнун – уомæй арфиагдæр ма ци уа! Уой туххæй ахуради къабази коcгутæн хъæбæр зæрдиаг арфæ кæнун! Гъомбæлгæнгутæ æма ахургæнгутæ не 'хсæнади раздзæуæг æма размæгæнæг тухæ 'нцæ. Фиццаги-фиццагидæр, сумах игурун кæнетæ ирæзгæ уодти адæймаги арфиагдæр менеугутæ, уæ зæрдибун фæллойнæй берæ аразгæ 'й бæсти фæрнгундæр исонибон. Æма абони, нигулæйнаг бæститæ нæ паддзахади нихмæ æвæрхъау мадзæлттæй ку архайунцæ, информацион æма психологон тугъд ку исарæзтонцæ, уæд уæлдай ахсгиагдæр æй уæ гъомбæладон куст сувæллæнтти хæццæ. Махæн нæ еумæйаг сæйрагдæр ихæс æй, цæмæй кæстæртæ ирæзонцæ Фидибæстæбæл æновуд угæй, æма 'й рæстуодæй уарзгæй, зононцæ æма аргъ кæнонцæ Райгурæн бæсти истори æма нæ адæмти удварнон хæзнатæн.

Фембæлди рæстæг нæ республики Сæргълæууæги агъазгæнæг **Вадим Лесь** ба æ радзубандий æргом раздахта нæ нихмæлæууæг паддзахæдти сæрмагонд службитæ нæ бæсти сувæллæнттæ æма иннæ æнагъонти 'хсæн ци знагтадæхæссæг гъудитæ парахат кæнунцæ, уомæ. Æма куд баханхæ кодта, уотемæй уæхæн уавæрти архайгæй, ахургæнгутæ æма иннæ гъомбæлгæнгутæ уæлдай къæрцгъос гъæуама уонцæ алли сувæллонмæ дæр, кæстæр æхе куд даруй æма куд æнкъаруй, уомæ гъæуама уа лæмбунæг цæстдард. Еу загъдæй, зæрдæдзоргæ уавæр кæми исæвзура, уоми гъæуй æвæстеуатæй æмхъаурæй архайун. Вадим Лесь æрхаста бæлвурд цæветтонтæ, равардта лæмбунæг амунддзийнæдтæ.

***Цæгат Иристони Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-служби игъосункæнуйнагмæ гæсгæ æрмæг бацæттæ кодта ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

**Цæгат Иристони адæмон поэт, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Ходи Хазбий фурт Камали райгурдбæл 26 январи æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи (1941-2021).**




Аци рауæн 1942 анзи 13 августи арæзт æрцудæй Цæгат Кавкази адæмти минæвæртти антифашистон митинг. Уæд си аци циртдзæвæн нæма адтæй – е æвæрд æрцудæй 1957 анзи августи.

Митинг кæми арæзт æрцудæй, уоми нур æвæрд ес номбæлдарæн дор.

# АРД БАХУАРДТОНЦÆ КАВКАЗИ АДÆМТÆ...

## «НÆ АДÆМТИ БАСÆТТУН НЕКÆД НЕКЕ БОН БАЦÆЙ ÆМА НÆ БАУОДЗÆНÆЙ!..»

Цæгат Кавкази адæмти антифашистон митинг байгон кодта **Василий Книга** – Цæгат Кавкази зæнхæбæл немуцаг-фашистон æрдонгти нихмæ тугъдтити хъазауатонæй архайæг, кавалерион дивизий командир.

Василий Книга æ радзубандий уотæ загъта:

– Æмбæлттæ, æнсувæртæ æма хуæртæ! Цæгат Кавкази æма Дагестани адæмтæ, сабур Дони, аййев Кубани, æмбохгæ Терки хъазахъæгтæ, Хъумухъи æма Стъараполи адæмтæ!

Мах æрæмбурд ан ами, Кавкази хуæнхтæмæ исхезæни, нæ Райгурæн бæсти уæззау сахат. Советон адæмти знаг – гермайнаг империализм æрбагæлста нæ нихмæ немуцæгти, финнæгти, венгриæгти, итайлæгти æма румынæгти абæргути æрдонгтæ. Къуар европаг паддзахади бастъегъгæй æма сæбæл æфсойнæ исæвæргæй, немуцаг-фашистон абæргутæ сæхе ниццавтонцæ махбæл, цæмæй фесафонцæ мах устур бæстæ æ сахарти хæццæ, гъæути хæццæ, станицити хæццæ, æ агъазиау адæмти хæццæ.

Нæ нихмæ цæуй, æгириддæр æгъдау æма адæймаги менеугутæ кæмæ нæййес, уæхæн цъамар, æгъатир знаг. Еци уавæр исæвзурдæй нæ уарзон райгурæн Цæгат Кавкази дæр. Немуцаг абæргутæ балæгæрстонцæ Дон æма Кубанмæ. Нур æмпурсунцæ Терк æма Сунжæмæ, сæ бæттæнтæ тонунцæ нæ нефтмæ, нæ бæркадмæ, нæ фонси æргъæуттæмæ. Танкитæй, хуæдтæхгутæй, дзармадзантæй, автоматтæй хуæрзефтонг æрдонгтæ гъавунцæ мах басæттунмæ æма ни цагъайрæгтæ исаразунмæ. Уомæн уæн некæд ес!..

Нæ адæмти басæттун некæд неке бон бацæй æма нæ бауодзæнæй!.. Нæ адæмтæ кæддæриддæр кадгинæй рацæунцæ цийфæнди зин уавæрæй дæр. Етæ цитгинæй рацæудзæнæнцæ гермайнаг фишизми хæццæ тугъди зин фæлварæнæй дæр.

Знаг æмпурсуй Кавкази хуæнхти рæбунмæ. Æма ами, Дон æма Терки астæу, гъæуама иссера е ’гадæ кæрон.

Æнæфæккеугæй, æндонæй гъæуама ниддæрæн кæнæн нæ цифуддæр знаги. Немуцаг кæд хийнæйдзаг æма гадзирахат æй, уæддæр мах ба гъæуама уæн уомæй никки хийнæйдзагдæр æма ибæл фæттухгиндæр уæн. Мах гъæуй æнгондзийнадæ, гъæунцæ нæ федар уагæ, æндон æгъдау.

Советон Кавкази æма Дагестани, Дони, Кубани, Терки æма Сунжи еугур адæмтæ, Хъумухъи æма Стъараполи дзиллитæ гъæуама еу адæймаги хузæн æрлæууонцæ фашистон æстъегъгути нихмæ, медбæстон тугъди хъазауатон рæстæг нæ уæди знæгти нихмæ куд æрлæудтан, уотæ.

Тугъдон æмбæлттæ, циргъ кæнетæ уе ’хсаргæрдтæ! Уадзæ, е ба знаг балæдæра, не ’хсаргæрдтæ нæ джигитти æма хъазахъæгти къохти цæйбæрцæбæл æгæрон тухгин мастесæг тохæнгарз æнцæ, уой. Уадзæ, æма сæ сау тог сæ хъури фæббада!..

Æмбæлттæ! Мах æрæмбурд ан, медбæстон тугъди рæстæг Советон цардарæзт Цæгат Кавкази æрфедар кæнуни тохи ка фæммард æй, еци 17 мин тугъдоней Æнсувæрон цирти размæ. Етæ сæ цард равардтонцæ мах амонди, нæ Райгурæн бæсти кади, фæллойнæгæнæг дзиллити амондхæссæг Советон цардарæзти сæрбæлтау. Æма нæ е ихæсгин кæнуй уони хузæн уодуæлдайæй истох кæнун нæ Фидибæсти нури знæгти нихмæ.

Фашистон абæргути хæццæ мæлæтдзаг тохмæ ’рлæугæй, мах ард хуæрæн нæ æдзард æмбæлтти цирти рази, знаги ке бауорамдзинан, ке ниддæрæн кæндзинан æма ’й нæ зæнхæй ке фæссордзинан, уобæл.

* * *

Митинги ма радзубанди кодтонцæ Дагестани адæмон артисткæ, лезгинаг зартæгæнæг **Рагимат Гаджиева,** Рагуджайи гъæуккаг авайраг, Дагестани АССР-и Сæйраг Совети депутат **Абдурахман Даниялов**, Цæгат Иристони АССР-и Дигори райони Николаевскийи станици цæрæг **Лидия Любченко**, Ростови облæсти фæллойнæгæнгути депутатти Совети депутат, хъазахъаг **Михаил Горшков**.

Дагестани адæмон поэт **Абуталиб Гафуров** ба æ радзубандий уотæ загъта:

– Æрра куйтæ устур къуæрттæй ниххæррæтт ластонцæ мæ дессаги Райгурæн бæстæмæ, мæ райгурæн Кавкази хуæнхтæмæ, – загъта Абуталиб. – Фал куйтæн куййи мæлæт. Уой алкедæр зонуй. Æма еци адзал иссердзæнæнцæ нæ хъазарæй уарзон Фидибæстæмæ гадзирахаттæй æрбалæборæг немуцаг-фашистон куйтæ.

Æма ма бакастæй, уой туххæй ци нæуæг æмдзæвгæ ниффинста, уой:

*Собаки прут со всех сторон*
*И нас хотят съесть.*
*Но пропасть слышит псиный стон.*
*И надо же им лезть?..*
*На шею ищет Гитлер жгут.*
*О, жгут у нас есть!*
*Таких мы вешаем на сук!*
*Такая уж им честь.*

## «ДÆРÆН КÆНДЗИНАН НЕМУЦАГ-ФАШИСТОН ХЕЛГУТИ, ЦÆМÆЙ СИ ЕУНÆГ ДÆР МАБАЛ БАЙЗАЙА!..»

Митинги архайгутæмæ зæрдтагон дзубандийæй фæдздзурдта Медбæстон тугъди æновуд архайæг, Цæгат Иристони Сæйраг Совети депутат **Дзæрæхохти Хаджиморат**:

– Æз, зæронд партизан, дзорун сумахмæ, партизантæмæ æма Медбæстон тугъди архайгутæмæ, сумахмæ, Сурх Æфсади тугъдонтæмæ, сумахмæ, советон фæсевæд. Фæсарæйнаг æрбалæборгутæ æма уорсгвардионти нихмæ тугъдтити байстан сæребарæдзийнадæ æма амонд. Кæд хъæбæр уæззау уавæрти адтан, уæддæр нæ нихмæ тохгæнгути ниддæрæн кодтан.

Уæлахез æнцонæй некæд æнтæсуй. Мах къохи дæр е бафтудæй хъазауатон тохи. Советон Райгурæн бæсти сæрбæлтау тохи не ’мбæлттæй беретæ фæгъгъудæнцæ, фал уæддæр нæ нисанбæл исæмбалдан.

Мах, зæронд партизантæ æма Медбæстон тугъди æфсæддонтæ, тох кодтан Цæгат Кавкази, Астрахани будурти, Ростови æма Орели бунмæ, идард Цæгати, Ленингради. Сурх Æфсади турусати бунмæ цудан кæрæй-кæронмæ. Нуртæккæ тæссаг сахатти, фашистон лæборгутæ Кавказмæ ку æмпурсунцæ, уæд мах зæгъæн: нæуæгæй бабæй исбаддзинан нæ бæхтæбæл, нæ къохтæмæ райсдзинан циргъ æхсаргæрдтæ æма æрлæудзинан адæмти цифуддæр знæгти нихмæ.

Мæнæ абони ци сахари рæбун æрæмбурд ан, уоми æ рæстæги цудæнцæ, фæсарæйнаг æрбалæборгути æма уорсгвардионти нихмæ ка байеу æй, Цæгат Кавкази еци адæмти съездтæ. Ами 1918 анзи тох кодтан немуцаг оккупантти æма се ’мхузæнтти нихмæ. Уæд етæ гъавтонцæ нæ дессаги бæстæ, нæ æригон Советон паддзахадæ ниххорх кæнунмæ. Махæй ба гъавтонцæ пъамещиктæ æма капиталисттæн цагъайрæгтæ исаразун. Мах син еумæ равардтан карз нихкъуæрд, еумæйагæй тох исамадтан æндагон лæборгути æма уорсгвардионти нихмæ.

Æз дæн зæронд партизан. Берæ æнзтæ мæбæл рацудæй. Фал нерæнгæ ма мæ хъаури дæн, æма, немуцаг тухгæнгутæ, фегъосдзинайтæ Хадзиморати ном! Зæронд партизантæ фæстæмæ некæд ледзунцæ! Гъæуама фæсевæд дæр уомæй мах бафæнзонцæ.

Тохæнгарз хæссун ке бон æй, уонæн сæ еугуремæ дæр æй мæ фæдздзурд, цæмæй æрлæууонцæ Райгурæн бæстæ гъæуайгæнгути рæнгъити, цæуонцæ Сурх Æфсадмæ æма партизанти къуæрттæмæ. Дæрæн кæндзинан немуцаг-фашистон хелгути, цæмæй си еунæг дæр мабал байзайа мах рохс ковæндони хузæн советон зæнхæбæл! Рацотæ тохмæ, Медбæстон тугъди партизантæ, байеу уæн æма рампурсæн знаги нихмæ.

## «ÆРУОРАМДЗИНАН ЗНАГИ ÆМА ИН Е ’РДОНГТÆ НИДДÆРÆН КÆНДЗИНАН!..»

Митинги ка радзоридæ, етæ еугурæйдæр сæрустурæй ракой кæниуонцæ, уæд кавказаг адæмти минæвæрттæй тугъди будурти знаги нихмæ æхсаргинæй ка тох кодта, уони æскъуæлхтдзийнæдти туххæй. Уомæ гæсгæ митинги архайгутæ уæлдай цийнæгæнгæй исæмбалдæнцæ, намусгин тугъдонти номæй радзорæг Советон Цæдеси Бæгъатæр **Милдзихти Хадзимурзæ**.

6

**Дууæ æма цуппаринсæй анзей размæ (1944 анзи 27 январи) Ленинград уæгъдæгонд æрцудæй немуцаг-фашистон блокадæй, фæййервазтæй 872 боней дæргъи æверхъау гъезæмæрттæй.**

*Рагон ромаг таурæхъон бæгъатæр Геркулеси уæлæрвтæмæ ку исхудтонцæ, уæд уоми тæккæ фиццаг æ сæрæй ракувта силгоймагхуцау Юнонæн. Арвбæл цæргутæ дæр æма Юнонæ æхуæдæг бадес кодтонцæ: «Цæрун дæ ка нæ уагъта, дæ фæдбæл еудадзуг ка зилдæй, уой иннетæй хъæбæрдæр куд нимайис?..»*







# «МАШÆ ÆМА АРС» ДИГОРОНАУ ИСДЗУРДТОНЦÆ ЧИКОЛАЙ!..

«Театр æй – цæмæдесаг дуйне, кæци ирæзгæ фæлтæрмæ æвзурун кæнуй рæсугъддзийнади æнкъарæнтæ, хуæрзæгъдаудзийнадæбæл сæ ахур кæнуй, æма еци менеугутæй цæйбæрцæбæл гъæздугдæр уонцæ, уой бæрцæбæл сæ изолдæри ирисхъæ удварнон æгъдауæй удзæнæй æнтæстгиндæр», – уотæ финста зундгонд советон психолог Борис Теплов.

## ÆНТÆСТДЗИЙНАДИ СÆЙРАГДÆР ÆВДЕСÆН – АДÆМИ ЦÆМÆДЕСДЗИЙНАДÆ

Номдзуд ахургонди аци гъуди раст ке æй, уобæл æнæгъæнæй арази уогæй, уой зæгъуйнаг ан, æма цæмæй еци фæдзæхст цардгъон уа, уомæн ба, баруагæс уи уæд, берæ аллихузон равгитæ æма гæнæнтæ нæмæ ес. Æцæг си рæстмæ пайда кæнун гъæуй. Мæнæ, зæгъæн, Ирæфи райони æрæги ци рауонциуондзийнадæ бавдистонцæ, уой хузæн.

Уой дæр хъæбæр цæмæдесаг хузи. Хуæрзæрæги, 13 январи Чиколай зæронд нимадмæ гæсгæ нæуæганзон бæрæгбони рæстæг райони культури Галауани рацудæй сувæллæнтти музыкалон спектакль дигорон æвзагбæл «Машæ æма Арс»-и премьерон равдист. Уомæн æ режиссер-æвæрæг иссæй, Цæгат Иристони æскъуæлхт артисткæ Цæрикъати Римæ, æрмæг дигорон æвзагмæ ба ратæлмац кодта Уæрæсей Федераций финсгути Цæдеси иуонг, Цæгат Иристон-Аланий культури æскъуæлхт косæг Будайти Милуся, Цæгат Иристон-Аланий культури æскъуæлхт косæг Хекъилати Людмилæ ба дууæ зари ратæлмац кодта.

Спектакли архайдтонцæ дæс æма дууинсæй адæймаги. Райони адæмон театри фæлтæрдгин артистти æмрæнгъæ си архайдтонцæ алли гъæутæй хунд искурдиадæгин сувæллæнттæ. Уонæн ба сæ тæккæ кæстæрбæл цудæй æдеугурæй цуппар анзи. Адæми зæрдæмæ спектакль ке фæццудæй, уобæл дзорæг æй е дæр, æма имæ бакæсун æгæр берети ке фæндадтæй, уомæ гæсгæ 'й багъудæй æртæ хатти (æ премьери бони – дууæ хатти, уæдта къуæрей фæсте ба – еу хатт) равдесун, æма уонæй алли хатт дæр, ку зæгъæн, Галауани устур зали къах байвæрæн дæр нæ адтæй, уой бæрцæ дзиллæ имæ 'рцæуидæ. Ниййергутæ се 'нæмæнгæ исæнхæст кæнуйнаг ихæсбæл банимадтонцæ сæ сабийтæн цæмæдесаг нæуæганзон лæвар бакæнун – еци театралон равдистмæ сæ фæххонун. Æма, сабийти зæрдæмæ æцæгæйдæр ке фæццудæй, уобæл ба дзорæг æй сæ зæрдиаг цийнæ, сæ зонгæ æма уарзон хъæйтарти рацуд сценæбæл алли фæззиндæн дæр тухгин æрдзæф ке исаразиуонцæ, е дæр. Сабийтæн цийнаг адтæнцæ актерти дæсни гъазт æма сæ рæсугъд уæледарæс æма равдисти фæлгонцадæ… Дзæуæгигъæуккаг биццеу Темурти Давид дæр хъæбæр дæсни разардта зундгонд финсæг æма зартæгæнæг Цорити Стаси репертуарæй еу зар, кæцимæн театрдзаутæ устур аргъ искодтонцæ.

Цæрикъати Римæ куд зæгъуй, утемæй райони культури хайади бæрнон косгутæ си ку ракурдтонцæ, цæмæй æхемæ райса райони адæмон театрæн разамунд дæттуни ихæс æма уобæл ку исарази æй, уæд имæ фицæгидæр ци гъуди фæззиндтæй, е адтæй нæуæганзон аргъау ниввæрун бæрæгбонмæ. Хъæбæр æй фæндадтæй, цæмæй спектакли хестæрти æмрæнгъæ архайуонцæ сувæллæнттæ дæр, цæмæй е исуа еугур бийнонти аккаг дæр. Æма уой туххæй куст райдайуни размæ ку фæххабар кодтонцæ, уоми архайгути ке агорунцæ, уой туххæй, уæд æй куд нæ лæдæрдтæнцæ, берети ке бафæнддзæнæй, фал уæддæр уой æнгъæл ба нæ адтæнцæ, æма уой бæрцæбæл берæ раиндзæнæнцæ.

## ЕУГУРЕМÆН ДÆР ФÆЦÆЙ Æ АРÆХСТДЗИЙНАДÆ РАВДЕСУНИ РАВГÆ

Дзæвгарæ æрбацудæй сувæллæнттæ дæр æма хестæр кари адæймæгутæ дæр. Æма уони 'хсæн æвзарæн æркасти (кастинги) рæстæг уони зæрдигъæлдзæгдзийнадæмæ гæсгæ фæззиндтæй уæхæн фæндæ: цæмæй маке зæрдихудти бацудайуонцæ, цæмæй иннети зæрдæ ма фæххудтайдæ, уой туххæй ба, сæ еугуремæн дæр равгæ фæцæй спектакли архайунæн – зæгъæн, дзиллон кæфтитæ æма заруни архайгæй.

Лæмбунæг равзарæ-бавзарити фæсте спектакли сæйраг архайгутæ иссæнцæ: Цæгат Иристони ахуради отличник Аркъаути Джульеттæ, аййевади æскъуæлхт косæг Дзоблати Анатолий, уæдта адæмон театри еудадзугон архайгутæ Пъинти Фатимæ, Гуæцæлти Луизæ, Дигойти Ларисæ, Ганоти Альбинæ, Гульчети Тамарæ, Хекъилати Фатимæ, Цæрикъати Ликæ, Бесолти Камилæ, Темурти Маринæ, Мæрзойти Заур, Самати Оксанæ, Тамати Тамерлан. Хузæгæнæг-декорацитæ аразæг Тайсаути Людмилæ, кæфтитæ æвæрæг Бетрозти Ленæ, музыкалон зæлти оператор Къесати Геуæрги, доулити хæццæ номер æвæрæг адтæй Лагкути Ислам.



Цæрикъати Римæ куд зæгъуй, утемæй аци спектаклъбæл косгæй ин, æ тæккæ сæйрагдæр нисантæй еу адтæй е, æма сувæллæнттæн сæ маддæлон æвзаг бауарзун кæнун, цæмæй син зæрдтагон уа, æновуд ибæл уонцæ, сæхецæн æй цитгийнагбæл нимайуонцæ. Æма ин, махмæ гæсгæ, бантæстæй – спектаклъмæ ка бакастæй, етæ 'й æхцæуæнæй фæууидтонцæ, уоми архайæг сабийти се 'цæгæй ке фæндуй сæ маддæлон æвзагбæл дзорун.

Еци гъуддаг цæмæй фæррæстмæ адтайдæ, уой туххæй ба





***Геркулес син загъта: «Уой хъæбæрдæр уомæ гæсгæ нимайун, æма е мæ еудадзуг гъигæ ку нæ дардтайдæ, уæд уал хатти нæ фескъуæлхтайнæ æма абони æрвти цæргути фарсмæ нæ уинæ!..» Æ еци дзуаппæй еугурæй дæр аразийæй байзадæнцæ. Гъе уотæ, арфиаг ун дæр лæгдзийнадæ ’й...***







сабийти Римæ зæрдгин кодта аллихузон мадзæлттæй. Сæ еу æмбурди син бакастæй Малити Геуæрги 1926 анзи ке нифинста, еци новеллæ «Ци бегара дæбæл ес?..» Хъæбæр лæмбунæг имæ байгъустонцæ.

– Уруссаг еу-дууæ дзурди ка базонуй, е дæр нæхе дигорон кенæ ирон æвзагбæл билæскъелтæ кæнун байдайуй, ци ’й, цæмæн гъæуй уæхæн нецæййаг æвзаг, зæгъгæ. Уотемæй ба, уотæ ка дзоруй, уонæн сæ фулдæртæ уруссагау сæ дзубандиаг кæрæдзебæл исбæттун нæ фæффæразунцæ.

Æвдесæн. Киристонгъæуи Октябри бæрæгбони митинги дзурдта Профессионалон цæдести номæй Варасани-фурт, хуарз зонуй дигоронау. Е ба уæддæр баздахтæй æма уруссагау исамадта æ дзубанди. Кæмидæрти фегъуститæ кодта «штаб» æма «масштаб», фал си ка ци адтæй, уой нæ раргъавта æма никъкъуæрдта: «Да здравствует масштаб мировой революции – Коминтерн!»

Еуæй-еуетæ ин неци балæдæрдтæнцæ, ка ’й балæдæрдтæй, етæ ба ибæл фæххудтæнцæ.

Æ маддæлон æвзаг зонгæй æй дæлдæр ка фæккæнуй, уæхæнттæн мæ æрфæндуй зæгъун: «Ци бегара дæбæл ес, дæумæ ка игъосуй, еци адæмæн æцæгæлон æвзагбæл дзорун?»

## ФÆММУЛДИ БÆСТИ БА ХУÆЗДÆР – ГЪУДДАГБÆЛ ЗÆРДИАГÆЙ БАЙАРХАЙУН

Æргъуди ма кодта Римæ, абони æхуæдæг ходгæй ке имисуй, уæхæн гъазæн-ходæн рæуагæ дæр. Цæветтонгæ, спектакльбæл косуни райдайæни сабийтæ сæ радзубандити барææнæбари дæр «радзæгъæлтæ» уиуонцæ уруссаг æздæхтæмæ. Цæмæй сæ еци тулавастæй исуæгъдæ адтайуонцæ сувæллæнттæн загъта, уруссагау ка дзора, етæ мин иварæн къанфеттæ хæсдзæнæнцæ. Уонæн æнæуой дæр æхцæуæн куд нæ адтайдæ сæ разамонæги адгийнæгтæй хинцун, фал – сабий уæддæр сабий æй! – фæммулди ун æма ивари хузи лæвæрттæ кæнун ба си, æвæдзи, неке фæндадтæй, уомæ гæсгæ ба уæлдай æновуддæрæй архайдтонцæ сæ маддæлон æвзагбæл раст æма рæсугъд дзорунбæл. Æма фæррæстмæ ’нцæ – сæ дзубандий аййевдзийнадæмæ син сауæнгæ хестæртæ дæр ма хицæ кæнун байдæдтонцæ.

Аци спектакльбæл косун райдæдтонцæ фарæ ноябри, æма дууæ мæйей дæргъи исфæлдистадон къуари æвæллайгæ фæллойни фæрци цæттæгонд æрцудæй тæккæ хуæздæр хузи. Æма сæ фæллæнттæ нæ фæдздзæгъæли ’нцæ – зæронд нимадмæ гæсгæ Нæуæг анзи бæрæгбони – 13 январи – еци-еу бонбæл спектакль дууæ хатти æвдист æрцудæй.

## СÆ ФУРУÆЛМОНЦÆЙ СÆМÆ ФÆЛЛАД ДÆР НИМАДИ НÆБАЛ АДТÆЙ

– Хъæбæр тухстæн уобæл, æма сувæллæнттæ спектакли еу равдисти æгæр ку бафæллайуонцæ, æма иннæ равдистæн сценæмæ рацæун ку нæбал бафæразонцæ, – имисуй Римæ. – Фал мæ мæ минкъий артисттæ хъæбæр деси бафтудтонцæ. Еу равдистæй иннæ равдисти ’хсæн рæстæги сæхемæ бауолæфунмæ фæццæун дæр нæ бакумдтонцæ. Театралон аййевадæ сæ гъеууотæ исразæнгард кодта, æма дуккаг равдисти ба никки дессагдæрæй архайдтонцæ.

Цæрикъати Римæ ма æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй, аци спектакль ниввæргæй, еуемæй æй, фæндадтæй нæ маддæлон æвзаг багъæуай кæнуни гъуддагмæ комкоммæ бæлвурд архайдмæ нæ дзилли базгули кæнун, уæлдайдæр ба нæ ирæзгæ фæлтæртæ ибæл цæмæй æхцул уонцæ, иннемæй, æ зæрди адтæй æ райгурæн Чиколай гъæубæстæ цæйбæрцæбæл зæрдтагон уарзтæй хъазар ин æй, уой.

Мах ба ма уой дæр зæгъуйнаг ан, æма спектакли ци сабийтæ архайдтонцæ, етæ дæр уотæ æновуд уодзæнæнцæ сæ фидиуæзæгбæл, кæддæр Рими æхе куд бафæндадтæй, уотæ сæ бафæнддзæнæй устур сценæмæ рацæун... Æма си æнтæстгинæй архайун.

Цæрикъати Римæ устур арфиаг æй, æ фæллæнттæн ин аккаг аргъ ка кæнуй, уонæй. Зæгъæн, сувæллæнтти журнал «Ногдзау»-и сæйраг редактор Сæлбити Дианæ, режиссери æмкосæг, Цæгат Иристон-Аланий адæмон артисткæ, Тæбæхсæути Балой номбæл Ирон паддзахадон драмон театри артисткæ Малхъарти Зæлинæ, телеуинунадæ «Алани»-й зундгонд равдист «Уæ сæумæ хуарз»-и амонæг Гаглойти Светланæн. Етæ æнæзийнадæй æрцудæнцæ премьерон равдистмæ æма хъæбæр зæрдиагæй фæццийнæ кодтонцæ искурдиадæгин сабийти архайдбæл. Дианæ ба ма син балæвар кодта журнали экземплиртæ. Римæ уæлдай зæрдиаг арфæ кæнуй, сæ архайди син агъазгæнæг ка иссæй, уонæн, фиццагидæр, райони культури Галауани артдзæсти Хæдзари разамонæг, сæ разæнгардгæнæг Хъарданти Ирбекæн, информацион æгъдауæй сæмæ ке фæккастæнцæ, уой туххæй ба Куцукти Регинæн, Уæрæсей Федераций аййевæдти æскъуæлхт архайæг Сæлбити Акимæн, Цæгат Иристони театралон архайгути Цæдеси сæрдар Губиати Хъазбегæн, сæ фарс кадæриддæр балæудтæй, уонæн сæ еугуремæн дæр.

## «НÆ АДÆМОН ТЕАТР АЛКÆДДÆР ЦАРДГЪОН АДТÆЙ, ÆМА ИДАРДДÆР ДÆР УОДЗÆНÆЙ!..»

Æнæзæгъæн нæййес, уомæн дæр, æма Ирæфи райони муниципалон зилди культури хайади разамонæг Темурти Хетæг æма, æ бæрни ци тумугъ коллектив косуй, уони хæццæ æнтæстгинæй архайунцæ националон проект «Бийнонтæ» царди уадзунбæл. Уобæл дзорæг æй райони ци берæ аллихузон мадзæлттæ арæзт цæуй, е. Аци проекти сæйраг ихæс ба е æй, цæмæй ниййергутæ сæ сувæллæнтти æвæронцæ раст надбæл, цæмæй етæ сæ ирисхъи гъуддæгутæ аразгæй еудадзуг æнцойнæ кæнонцæ нæ адæми удварни хæзнатæбæл, уонæн ба сæ сæйрагдæртæ ’нцæ, нæ рагфидтæлтиккон фæткитæ æма æгъдæуттæ, Фидибæстæбæл æновуд ун, маддæлон æвзагбæл æхцул ун æма ин аргъ кæнун, цæмæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ цардгъон уа.

Мæнæ ци спектакли фæдбæл æй нæ дзубанди, е дæр аци проекти фæлгæти арæзт æрцудæй, æма ин, махмæ гæсгæ, æнæмæнгæ ес устур ахедундзийнадæ кæстæр фæлтæри гъомбæлади, фæлтæртæ кæрæдзей бæттуни гъуддаги.

Аци спектакль ма федар æвдесæн æй, Ирæфи райони адæмон театр цардæй, цæруй æма цæрдзæнæй берæ æнзти дæргъи, театруарзгути зæрдитæ ке рæвдаудзæнæй нæуæг æвæрд спектакльтæй, уомæ. Æма æ искурдиадæгин коллективæн ба син зæрдиагæй арфæ кæнæн: «Æнтæстгин уотæ кæддæриддæр, уæ фæллæнттæй алкæддæр зæрдрохс уотæ!..

Сæрмагондæй ба ма нæ æнæмæнгæ зæгъун фæндуй еума ахсгиаг хабари туххæй. Спектакли архайæг исфæлдистадон къуар дигорон æвзаг багъæуай кæнун æма идарддæри райрæзтбæл архайун сæхецæн æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг гъуддагбæл ке нимайунцæ, уой бавдистонцæ комкоммæ бæлвурд гъуддагæй: беретæ си рафинстонцæ газет «Дигорæ», уой хæццæ ба ма зæрдæ байвардтонцæ, газет рафинсунмæ ке исцибæл кæндзæнæнцæ сæ хеуæнтти, сæ зонгити дæр... Сæ еци хуæрзауодундзийнади фæдбæл син зæрдиагæй арфæ кæнæн. Æма идарддæр дæр се ’мгустгænæг уодзинан, сæ исфæлдистадон æнтæстдзийнæдти туххæй æхцæуæнæй игъосун кæндзинан.

Нæ радзубандий кæронбæттæни ба ма уин, нæ хъазар газеткæсгутæ, игъосун кæнæн уой дæр, æма аци цæмæдесаг спектакль идарддæр æвдист цæудзæнæй нæ республики иннæ гъæути дæр. Зæгъæн: 26 январи Сурх-Дигори, 27 феврали Лескени, 3 феврали ба сахар Дигорай.

***БИЧИЛТИ Алетæ.***
***Къарти – спектакли архайгутæ.***



***Илья ЭРЕНБУРГ (1891-1967), Устур Фидибæстон тугъди архайæг, финсæг: «Кавказ гъæуайгæнгутæ, уæ къохти айдагъ нефть, айдагъ хумзæнхитæ нæ 'нцæ – уæ къохти æй нæ зæнхи сæребарæдзийнадæ. Сумах фрицтæн раревæд кæндзийнатæ сæ зудæ дзæмбутæ. Кавкази сæрбæлтау!.. Райгурæн бæсти сæрбæлтау!.. Сæребари сæрбæлтау!..»***

# АРД БАХУАРДТОНЦÆ КАВКАЗИ АДÆМТÆ...

Еци рæстæг е уæззау цæфи фæсте æ райгурæн зæнхæбæл адтæй. Æ радзубандий ба уотæ загъта:

– Æмбал хуæнхæгтæ æма хъазахъæгтæ! Мах медбæстон тугъди рæстæг дæр æмзунд-æмвæндæй еумæ тох кодтан Советон цардарæзтбæл. Абони никки федардæр кæнæн нæ тохи еудзийнадæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ Устур Фидибæстон тугъди фронтти.

Махæн нæ еугуремæн дæр цæстисиндзæ 'й нæ еумæйаг знаг – гитлерон Германий фашистон куйтæ. Уонæмæ нæ зæрдити æнæуинондзийнадæ куд карзæй-карздæр кæнуй, уотæ нæ уодти федарæй-федардæр кæнуй нæ хæлардзийнадæ. Æма сумах хæццæ еумæ, Советон бæсти еугур адæмти хæццæ, фæстаг исуолæфти уæнгæ тох кæндзинан гитлерон æрдонгти нихмæ.

Советон бæсти тугъдон, гъай-гъайдæр, уарзуй цард. Гъе фал царди сæрбæлтау ку багъæуй, уæд махæн æнæуинон æй мæлæт, æма рæстуодæй мæлæтдзаг тохмæ цæуæн знаги нихмæ.

Нуртæккæ, знаг Хонсармæ ку 'рбахъæрттæй, æ цъамар марг таугæ нæ уарзон Кавказмæ ку лæборуй, уæд гъæуама дууæ, æртæ хатти фæхъхъаурæгиндæр уæн.

Куд Сурх Æфсади тугъдон, уотæ зæгъун, мах ке бауорамдзинан æма ке ниддæрæн кæндзинан знаги. Хъæбæр хуарз æй лæдæрæн, махбæл, Сурх Æфсади тугъдонтæбæл, устур бæрнондзийнадæ æвæрд ке ес нæ фидтæлти, нæ мадтæлти, нæ бийнойнæгти æма нæ сувæллæнтти, нæ минкъий хуæрти æма æнсувæрти багъæуай кæнуни гъуддаги. Мах уæ нæ ратдзинан фашистон сирдтæн!..

## «ЕУЗÆРДИУОНÆЙ ИСИСТÆН НÆ РАЙГУРÆН ХÆДЗАРÆ ЦЪАМАР ЗНАГÆЙ БАГЪÆУАЙ КÆНУНМÆ!..»

Иристони силгоймæгти номæй радзурдта Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл педагогон институти доцент **Туати Ольгæ**:

– Цæгат Кавкази адæмти минæвæрттæ нæ еумæйаг гъуддаги фæдбæл æрдзубанди кæнунмæ æрæмбурд ан нæ Фидибæстæн уæззауæй-уæззаудæр рæстæг: немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ еци æррайæй тундзунцæ кавказаг нефтбæл, нæ хуæнхти гъæздугдзийнæдтæбæл, сугъзæрийнæ мæнæуæй идзаг гоморитæбæл, деденæггун колхозон рæзæдæнттæбæл фæххуæст уни зæрдтæй. Немуцаг-фашистон адæймаг-хуарти къах кæмидæриддæр æрлæудтæй – аллирауæн дæр мæлæт æма дæрæнтæ, мæгурдзийнадæ æма гъезæмарæдзийнадæ.

Хуæнхаг силгоймæгтæ! Хъазахъаг силгоймæгтæ! Цифуддæр знаг томар кæнуй нæ сæребарæ гъæутæмæ æма станицитæмæ. Лæгхуартæ-гитлеронтæ нур ба сæ тогæйдзаг дзæмбутæ ивазунцæ Кавказмæ. Етæ томар кæнунцæ нæ хуæнхаг адæмтæй цагъайрæгтæ исаразунмæ. Фæндуй сæ нæ силгоймæгтæй пъамещиктæн æма барконтæн косгутæ искæнун. Етæ гъавунцæ хуæнхаг адæмти æносон рæсугъд æгъдæуттæй æма бартæй фæггириз кæнунмæ. Етæ тундзунцæ не 'фсармæ æма нæ сæрустурдзийнадæ нин æрнидæн кæнунмæ, цæмæй лæгмар Гитлери рази нæ уæраги сæртæбæл æрлæууæн.

Æмбал кавказæгтæ! Æнсувæртæ æма хуæртæ! Ами, æнсувæрон цирти рази, ард бахуæрæн знаги ниддæрæн кæнунбæл æма фесафунбæл! Кавкази адæмтæй цагъайрæгтæ нæ исараздзæнæнцæ, нæ гъæздугдзийнæдтæ нин нæ байсдзæнæнцæ! Еугурæй дæр, еу адæймаги хузæн, исистæн нæ райгурæн хæдзарæ багъæуай кæнунмæ!

Куд нæ еугур рæстзæрдæ дзиллæн, уотæ махæн, наукон косгутæн дæр, æнæуинон æнцæ гъæддаг сирдтæ, инсæйæймаг æноси цифуддæр знæгтæ, уомæ гæсгæ нæ Райгурæн бæсти еугур фæллойнæгæнгути хæццæ еумæ нæ еугур хъауритæ дæр ратдзинан знаги ниддæрæн кæнуни сæрбæлтау. Æ нихмæ федарæй фæллæудзинан, еунæг къахдзæф дæр фæстæмæ нæ ракæндзинан!..



* * *

Митинги архайгутæ фæдздзурдтонцæ берæнацион Цæгат Кавкази цæргутæмæ: «Цæгат Кавкази адæмтæ! Гитлерон лæгхуартæн гириз кæнунмæ æма æстъегъунмæ нæ ратдзинан нæ цæрæн. Алли фадуæттæ дæр нин ес, цæмæй Сурх Æфсади хæццæ усхъæй-усхъæмæ цæугæй, еугур советон адæмти хæццæ еумæ фидтæлтиккон зæнхæ искæдзос кæнæн гитлерон куйтæй. Нæ рæнгъити гъæуама ма уа уæнгмæрдтæ æма тæрсагитæ. Уадзæ, æма цъæх арти хузæн содза не 'нæуинондзийнадæ цифуддæр знæгтæмæ – гитлерон æлгъист лæборгутæмæ! Еугурæй дæр фашистон абæргути нихмæ тохмæ!»

Фæдздзурди Цæгат Кавкази адæмтæй алке туххæй дæр сæрмагондæй финст адтæй берæ разæнгардгæнæг æма нифсдæттæг рæнгъитæ. Куд иннæ цæгаткавказаг адæмти, уотæ, Цæгат Иристони дзилли размæ дæр æвардта ахсгиаг æма цитгин ихæстæ: цæмæй, Медбæстон тугъди рæстæг Цæголти Геуæрги, Рæмонти Хадзимæт, нæ разагъди иннæ лæгтæ куд тох кодтонцæ нæ адæми райдзастдæр карни сæрбæлтау, уомæй сæ куд бафæнзонцæ; цæмæй Иристони номдзуд хъæболтæ, Советон Цæдеси Бæгъатæртæ Милдзихи-фурт, Карсани-фурт, Цоколай-фурт æма Остъай-фурти хузæн дæрæн кæнонцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути...

Митинги туххæй хабæрттæ уайтæккæдæр фæххæлеу æнцæ æнæгъæнæ бæстæбæл, фæннифсгундæр кодтонцæ айдагъ бунæттон адæми нæ, фал ма уонæмæ гæсгæ нæуæг æскъуæлхтдзийнæдтæмæ исразæнгард æнцæ, Цæгат Иристонæй Райгурæн бæстæ гъæуайгæнæг Сурх Æфсади рæнгъити ка тухтæй, етæ дæр. Уомæн æвдесæн æй, уонæй еци рæстæг Цæгат Иристонмæ ци берæ финстæгутæ цудæй, етæ. Тохæг æфсадæй фиццагидæр сæ гъудитæ ниффинстонцæ æртæ кизги – Карсанати О., Таучелти А. æма Б. Благородова: «Нæ фидтæлтæ æма нæ мадтæлтæ нæ фронтмæ ку фæндараст кодтонцæ, уæд нин бафæдзахстонцæ, знаги нихмæ тохи нæ бæгъатæр æма æхсаргин ун багъæудзæнæй æма уони бавдесунмæ куд исарæхсæн. Æма мах еци фæдзæхст исæнхæст кæндзинан, знаги нихмæ тохи федар фæллæудзинан, æдзæстхезæй æй дæрæн кæндзинан, æ муггаг бустæги искунæг кæндзинан!..»

## «НÆ ТУХÆ ÆМА НÆ НИФС ЗНАГ ÆХЕБÆЛ БАВЗАРДЗÆНÆЙ, МАХ ÆЙ Æ УÆРГУТÆБÆЛ ÆРЛÆУУН КÆНДЗИНАН!..»

**Алексей Устинов** ба хуæцæг æфсади рæнгъитæй исæрвиста мæнæ ауæхæн финстæг: «Æз райгурдтæн Цæгат Иристони АССР-и Змейки станици. Нуртæккæ мæ дууæ æнсувæрей хæццæ ан фронти. Нæ Райгурæн бæстæ ке гъæуай кæнæн, уомæй ан сæрустур. Æз хъæбæр берæ уарзун ме станицæ, мæ Иристон. Уæхæн зæрдиуагæ æма зунд ес станици цæргутæй алкæмæ дæр, – уой æз хуарз зонун.

Æз æма мæ тугъдон æмбæлттæ устур æхсицгонæй базудтан, нæ дессаги сахар Орджоникидзей берæминон æмбурд арæзт ке 'рцудæй, уой. Æ архайгутæ устур нифсгунæй фегъосун кодтонцæ, еугур адæмти æнæуинон знаги нихмæ гъæддухæй ке тох кæндзæнæнцæ, уой. Мадта мах дæр, æмбурди фæдздзурдтæн дзуапп дæтгæй, хуæцæн никки гъæддухдæрæй. Нæ хъаурæ æма нæ нифс знаг æхебæл бавзардзæнæй, мах æй æ уæргутæбæл æрлæууун кæндзинан.

Мæ хъазар фидæ, мадæ, хуæртæ!

Æрветун уин тугъдон салам. Мæ номæй æхседгæ салам раттетæ ме 'мзæнхон хъазахъæгтæн. Æз седун ме 'мзæнхонтæмæ: иристойнæгтæмæ, кæсгæнттæмæ, хъазахъæгтæмæ, цæмæй никки хъæбæрдæр цæвонцæ немуци æма сæ соронцæ нæ зæнхæй. Знаги ма уадзетæ нæ уарзон станицитæ æма гъæутæ раууат кæнун æма содзун.

Мах гъæуй никки æнгондæр лæуун кæрæдземæ, æма уæд æмбохгæ Терк, сабур Дон æма урух Кубань исуодзæнæнцæ знагæн æ цирт.

Теркæгтæ, донæгтæ æма кубайнæгтæ, æримисетæ, нæ фидтæлтæ медбæстон тугъди рæстæг немуци куд цагътонцæ, уой. Знаги тæрнихбæл мастесæни тохæнгарз исæвæрæн...»

## «УАДЗÆ, ÆМА КАВКАЗИ ЗÆНХÆБÆЛ ЗНАГ ИССЕРА Æ МÆЛÆТ!..»

**Мамукъати Константини (Гаппой) кизгæ Иринæ** ба ци финстæг исæрвиста, уоми уотæ загъд адтæй: «Æз газети бакастæн, мæ уарзон сахар Орджоникидзей Цæгат Кавкази адæмтæ фашизми нихмæ ци æмбурд исаразтонцæ, уой туххæй. Райгурæн Кавказ багъæуай кæнунбæл æнсувæрон ингæни рази ци ард бахуардтонцæ, уой æз мæ зæрдæмæ хæстæг есун. Газет сæрустурæй æвдистон мæ тугъдон æмбæлттæмæ, дзурдтон син кавказаг адæмти бæгъатæрдзийнади туххæй. Дзурдтон син федарæй, етæ сæхе цагъармæ некæд ратдзæнæнцæ, зæгъгæ. Æмбурди фæдздзурд газети кадæриддæр бакастæй, етæ мин еугурæй дæр арфитæ кодтонцæ. Беретæ си иристойнæгти тугъдон æскъуæлхтдзийнæдтæ зонунцæ æма уотæ зæгъунцæ, сумах хузæн адæмтæн басæттæн нæййес. Хъæбæр раст æнцæ!

Æз дæн зæронд партизан Мамукъати Соломони фурт Гаппой кизгæ. Мæ фидæй берæ хæттити фегъустон, Медбæстон тугъди рæстæг знæгти нихмæ етæ куд хуæстæнцæ, уой. Æма алкæддæр уой туххæй фæдздзоруй сæрустурæй. Кæстæртæн бафæдзæхсуй, уарзетæ, дан, нæ сæребарæ цард. Нур Сурх Æфсади рæнгъити уогæй, хуæздæр лæдæрун райдæдтон мæ уарзон фиди дзурдти арф медес.

Ходуйнаг уодзæнæй махæн, нæ фидтæлтæ нин ци сæребарæ цард æрхастонцæ, уой, æма нæ райгурæн зæнхæ немуцаг куйтæн æма лæгхуартæн ку раттæн, уæд.

Тугъдмæ ку рараст дæн, уæдæй нурмæ рацудæй анзæй фулдæр. Æз ард бахуардтон, фæскомцæдесон ард мæ хъауритæ æма мæ цардбæл нæ ауæрдгæй, тох кæндзæнæн знаги нихмæ, зæгъгæ. Хе кой кæнун федауцæдзийнадæ нæй, фал уæддæр зæгъдзæнæн: фиди къæсæрбæл ци дзурд равардтон, уой æнхæст кæнун. Берæ хæттити барвæндонæй рандæ дæн сгарæгæй знаги фæскъилдунмæ. Мæхе цæстæй фæуидтон советон адæймæгути – зæронд лæгти, уостити, æригон биццеути æма кизгутти, сувæллæнтти немуцаг фашисттæ гъезæмарæй куд марунцæ, уой.

Ахид æрбаймисун устур тугъдон Суворови дзурдтæ: «Дæхуæдæг рамæлæ, фал де 'мбали фæййервæзун кæнæ». Е уæлдай хъæбæрдæр хауй махмæ, санитартæмæ. Тугъди будурæй цæф æфсæддони рахæссун устур кадгин гъуддаг æй. Райгурæн бæстæ гъæуайгæнæги ку фæййервæзун кæнай, уæд е уодибæстæ 'й. Цæф æфсæддонти тъуфулæй рахæссуни æма сæ дзæбæх кæнуни æма ма сгарунмæ цудтити туххæй хуарзæнхæгонд æрцудтæн Сурх Турусай орден æма майдан «Тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй». Фæццæф дæн... Мæ цæф исдзæбæх æй, æма бабæй нæуæгæй фронти балæудтæн.

Мæ хъазар æмзæнхонтæ! Кавкази бæгъатæрти æскъуæлхтдзийнæдтæ некæд феронх кодтон. Мæ хъазар хеуæнттæ æма æмгъæуккæгтæ, дзурд уин дæттун, тасдзийнадæ нецæмæ даргæй, цъамар знаги нихмæ тох кæндзæнæн Советон Цæдеси Бæгъатæр, хестæр сержант Милдзихти Хадзимурзи хузæн, мæ фидæ – зæронд партизани хузæн.

Æз райгурдтæн советон цардарæзтбæл тохи бæнтти, мæн исгъомбæл кодта советон догæ, æма абони, нæ еугуребæл дæр зин рæстæг ку искодта, уæд цæттæ дæн æдзæстхезæй мæ Советон Райгурæн бæсти сæрбæлтау уодуæлдай тохмæ, сауæнгæ мæ цард дæр раттунмæ.

Мæ хъазар æмзæнхонтæ! Бæгъатæрæй гъæуай кæнетæ райгурæн Кавказ! Нæ фæсевæд! Знаги нихмæ тох кæнетæ, медбæстон тугъди рæстæг уæ фидтæлтæ æма уе 'нсувæртæ куд хуæстæнцæ, уотæ!

Цæгат Иристони бæгъатæр джигиттæ! Гъæуай кæнетæ советон зæнхи алли гæбазæ дæр! Уадзæ, æма Кавкази хуæнхти знаг иссера æ мæлæт...»

***Æрмæг ист æй редакцион архивæй.***

**Цæгат Иристони граждайнаг гъæуайкæнуйнади, æнæнгъæлти уавæрти æма æрдзон фидбилизтæ еуварс кæнуни фæдбæл гъуддæгути раздæри министр инæлар-майор Дзгойти Азæмæтгерийи фурт Бариси райгурдбæл 30 январи æнхæст кæнуй финддæс æма æртинсæй анзи (1951-2010).**

*Мæскуй 1869 анзи фæззæги арæзт æрцудæй бæхти Дуккаг еугуруæрæсеуон равдист. Уоми архайдтонцæ бæхтæ Терки облæстæй дæр. Æма сæмæ хуæрзеугутæй кæд неци æрхаудтæй, уæддæр бæрзонд цæстиварди ба фæцæнцæ. Еу бæх си балхæдта, Æ императорон бæрзонддзийнадæ, цитгин къниаз Владимир Александри фурт.*





# БÆХ ÆМА АДÆЙМАГ

***Идарддæр мухур кæнæн нæ республики бæхтæдаруйнади къабази райрæзтбæл зундгонд архайæг ХЪУЛАТИ Владимири уац. (Райдайæн кæсетæ нæ газети 2025 анзи 49-аг æма аци анзи 1-аг номерти.)***

Дзалати Хъазбеги арæхстгин разамунди фæрци беслæйнаг бæхбæлбадгути архайд æнтæстгинæй-æнтæстгиндæр кæнун байдæдта. Ардигон бæхдарæн заводи фиццаг байрæгтæ догъи ханхæмæ ку рацудæнцæ 1964 анзи Пятигорски, раст гъе уæд райдæдтонцæ е 'скъуæлхтдзийнæдтæ: Пятигорски ипподроми Беслæни догъонтæ адтæнцæ айдагъдæр дууæанздзудтæ. Бацæттæ сæ кодтонцæ тренер, спорти мастер Борис Николайи фурт Пономаренкой амундæй. 1964 анзи хайæдти ериси беслæйнæгтæ байахæстонцæ фиццаг бунат: дууæанздзудтæн ипподроми ци устурдæр хуæрзеугутæ лæвæрд æрцудæй, етæ еугурæй дæр беслæйнæгти хай фæцæнцæ.

## ИРИСТОНМÆ ИСÆЗДÆХГÆЙ ДÆР Æ УАРЗОН ГЪУДДАГИ ÆСКЪУÆЛХТÆЙ

Æ райгурæн Беслæнмæ – украинаг зундгонд Александриаг бæхти заводæй 1964 анзи исæздахтæй, Уæрæсей ипподромти архайгутæ æма догъуарзгутæ «базургин бæх» дæр æма «догъи пахампар» дæр ке худтонцæ, еци Хъамбегати Темболати фурт Джамбот. Уæд ибæл цудæй дууæ æма цуппаринсæйæймаг анз, æма æнгъæл дæр неке адтæй, еци кари ма тренери кустмæ нæуæгæй бавналдзæнæй, уой. Фал ибæл фурцийнæй нæуæгæй хъаурæ бафтудæй æма Дзалай-фуртæй (заводи уæди директорæй) догъонти къуар байагурдта. Бæргæ ин дзурдтонцæ: «Джамбот, афонæ дин æй, афонæ бауолæфунæн!..» Фал неке бон бацæй æрсабур кæнун номдзуд бæхбæлбадæг æма нæ Цæдеси догъон бæхти тренерти хестæри… Ци гæнæн ма адтæй Хъазбегæн? Равардта Джамботæн дууадæс байраги.

Беслæни фæсевæди 'хсæн уæди рæстæгути минкъий нæ адтæй догъмæ бæлгутæ. Уонæн сæ сæрæндæрти æ хайадæмæ райста Джамбот. Исахур сæ кодта байрæгтæмæ куд зелун гъæуй, бæхи хæццæ нифсгунæй, æдæрсгæй, бухсонæй æма фæразонæй куд архайун гъæуй, уонæбæл, æма ма берæ æндæр «сосæгдзийнæдтæбæл».

Джамботи домæнтæ æфсæддон уагæвæрдтæй федардæр адтæнцæ: бæхдони дæр, догъуади дæр – алли фезмæлд дæр имæ нимад адтæй. Æ устур æвзестæ сахат – секунднимайæг – алкæддæр æ къохи дардта. Хецауадæй домдта хуæрзгъæдæ хуаллаг (хуасæ, цъата, зæтхæ). Хуаллæгтæдони ба дардта хъаурæгин тикистæ, сауæнгæ урутæ дæр кæмæй тарстæнцæ, уæхæнттæ. Зæтхæ, цъата æма æндæр концентратти кирти дæгъæлтæ æхемæ адтæнцæ. Хуаллæгтæ алли хатт дæр иурста æхуæдæг, кæци бæхæн цæйбæрцæ æнгъизтæй, уой бæлвурд нимайгæй. Джамбот мин æхуæдæг куд дзурдта, уотемæй еци федар æгъдæуттæ æма фæткитæбæл исахур æй евгъуд æноси кæрони æма си дæсгай æнзти дæргъи некæд неци фехалдта.

Хъамбегати Джамбот райгурдæй 1883 анзи Беслæнигъæуи зæнхкосæги хæдзари. Дууадæсанздзудæй лæвæрд æрцудæй бонгин Пеховскиймæ догъон бæхтæмæ зелæгæй. Раун-циуон биццеу уой бæрцæбæл сæрæн разиндтæй, æма æноси кæронмæ зундгонд бæхбæлбадæг иссæй: бæхбæлбадæгæй куста Уæрæсей тæккæ номдзуддæр англисаг догъæнтти заводти – Лазаревмæ, Монташевмæ…

Еци рæстæгути бонгинтæ жокейтæ худтонцæ Англисæй, Францийæй, устур мизд син фистонцæ, уотемæй. Æма еци ихуæрст æрбацæуугутæ куд нæ мæстгун кодтайуонцæ «хуæнхаг Джамбот» сæбæл ке уæлахез кодта, уобæл. Сæ маст си райсуни фæндæй фæсарæйнæгтæ Джамботæн хаттæй-хатт исаразиуонцæ аллихузон цæлхдортæ. Æноси райдайæни æ хæццæ куста æрæдойнаг Лолати Дзамболат (Дзæдти). Е мин ахид ракæнидæ Джамботи кой: куд кафæг, куд дæсни æма бæгъатæр бæхгин адтæй.

Мæскуй ипподроми 1909 анзи æ хъаури бацудæй тæккæ кадгиндæр догъ. Джамбот бадтæй Лазареви хуæздæр догъонбæл. Æма Цæгат Иристони бæхбæлбадæги берæ нæбал гъудæй фæрразæй унмæ, уотæ ин англисаг бæхгин «къæппæг» (кроссинг), райаразта, нæй уагъта размæ. Джамбот рамæстгун æй æма ин æ фæсонтæ æрцавта. Развæндаг фæуууæгъдæ 'й æма Джамбот догъи кæронмæ æрбахъæрттæй еугурей разæй.




Тæрхонгæнгутæ фæууидтонцæ англисаги хæран миуæ дæр æма Джамботи æнахъæл мадзал дæр. Бафхуардтонцæ дууей дæр: сæ призтæй сæ фенæхай кодтонцæ. Уæд сæйраг тæрхонгæнæг зæнхикусткæнуйнади министр Родзянко адтæй. Æхемæ дæр адтæй англисаг догъæнтти завод. Джамботи еуварс ракодта æма 'й фæрсуй:

– Цæйбæрцæ дин федуй дæ хецау?

– Дзæвгарæ мин федуй, – загъта Джамбот.

– Æма дин æз дууæ хатти фулдæр ку федон, уæд мæнмæ рацæуудзæнæ? – бафарста бабæй æй Родзянко.

– Æхцай туххæй уоййасæ нæ, фал уæ бæрзонддзийнади бæхтæ мæ зæрдæмæ хъæбæр цæунцæ, æма мæ фæндуй уони хæццæ мæ хъауритæ бавзарун…

Æма раст уæдæй фæстæмæ Джамбот райдæдта Родзянкомæ косун. Æхемæ райста тренер æма жокейи ихæстæ дæр. Министр нæ фæррæдудæй: аст догъони адтæй Джамботи бæрни æма 1910-1911-аг æнзти Мæску æма Харькови рамулдтонцæ тæккæ агъазиаудæр призтæ.

Тренер æма жокейи куститæ Джамбот фæккодта сауæнгæ 1942 анзи уæнгæ, уой фæсте ба æ рамæлуни бонмæ (1968 анзмæ) куста тренерæй. Цæстуарзонæй балæвар кодта Джамбот æ дессаги фæлтæрдгундзийнадæ бæхгинти æма тренерти цалдæр фæлтæремæн. Æ берæвæрсуг фæллæнтти æма агъазиау æскъуæлхтдзийнæдти хабæрттæ ин бæлвурдæй æрфинсæ, уæд си рауайидæ бæзгин киунугæ.

## ДУУÆ НОМДЗУД МАРШÆЛИ ДÆР СИ ХЪÆБÆР ФÆББОЗ ÆНЦÆ

Джамботи хайади косгутæ 1964-1965-аг æнзти фæззæг, зумæг æма рагуалдзæги дæргъи ци æвддæс догъонемæ базилдæнцæ æма бацæттæ кодтонцæ, етæ апърели исæмбалдæнцæ Ростови ипподромбæл. Фондз мæйей дæргъи ериси фæсте ипподроми разамунд (директорæй си куста инæлар Петр Прохори фурт Брикель, Советон Цæдеси Бæгъатæр, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Плити Иссæмæ дивизий командир адтæй), ци хатдзæгтæ искодтонцæ уонæмæ гæсгæ фиццаг бунат лæвæрд æрцудæй беслæйнæгтæн, – Хъамбегати Джамботи хайадæн.

Уомæй уæлдай ма зæгъун гъæуй, æнæгъæнæ Цæдеси кæдзостог догъæнтти историмæ ка хаст æрцудæй, еци æскъуæлхт беслæйнаг хорхуз догъон Сæрдар 1500 метри догъбæл исхарз кодта минут æма 'рдæг. Е иссæй уæди уæнгæ еугур рæстæгути устурдæр бæрæггæнæн.

Никки устурдæр уæлахезти анз беслæйнæгтæн иссæй 1966 анз. Уæд Джамботи хайадæ дууадæс догъоней хæццæ адтæй Мæскуй Центрон Паддзахадон ипподроми. Æма бабæй уоми дæр еугур бæрæггæнæнтæ хинцгæй, байахæста фиццаг бунат. Æртæанздзуд Сæрдар ами дæр стъалуй хузæн ферттивта: ногъайаг æвзугъд лæхъуæн Анвар Зекашеви саргъи бæх рамулдта кадгиндæр призтæн сæ фулдæр, уони хæццæ С.М. Буденныйы номбæл приз, дууæ призи ба социалистон паддзахæдти хуæздæр догъæнтти ериси. Беслæйнаг дууæнздзуд хорхуз дзугъур Арамис ба ериси еугур архайгути æ фæсте ниуууагъта. Никки ма Арамис дæр Сæрдари хузæн еци анз августи фæсарæнти догъонти хæццæ «тохи» рамулдта дууæ призи. Сæ еу адтæй ериси тæккæ кадгиндæр – «Сабурдзийнади приз». Арамисбæл дæр Зекашев бадтæй æма ин исаккаг кодтонцæ «Дуйнеуон къæпхæни жокей»-и ном. Анвари туххæй журнал «Коневодство и конный спорт»-æн æ дууинсæй анзей бонмæ ниммухур кодтон сæрмагонд очерк æма уой цæттæ кæнгæй æй ку бафарстон, бæхбæлбадæги кусти дæ ахургæнæг ке хонис, зæгъгæ, уæд уайтæккæдæр равардта дзуапп: «Хъамбегати Темболати фурт Джамботи!..»

Анвар Арамисбæл «Сабурдзийнади приз» ку рамулдта, уæд дууæ цитгин маршæли – С.М. Буденный æма К. Е. Ворошилов хецауади трибунæй æрхизтæнцæ догъон надмæ, арфитæ ракодтонцæ Джамботæн, Анварæн, Беслæни заводи директор Дзалай-фуртæн, уæдта уоми сæ хæццæ сæ къарæ дæр исистонцæ.

Нæкæси, æз дæр уæд уоми къаресгутæй еу бæргæ адтæн, фал еугуремæй хуæздæр рауадæнцæ мæ рагон æрдхуард Вениамин Никифорови ист къартæ, мухури фæрæзнити дæр етæ фæззиндтæнцæ.

Еци цаути ахсгиагдзийнадæ ма е дæр адтæй, æма номдзуд маршæлтæ, уæд исæрвистонцæ арфи тел Цæгат Иристони хецауади номбæл. Æз ба ма уотæ дæр гъуди кæнун, æма Хъамбегати Джамботи уæхæн æскъуæлхтдзийнæдтæ нимайгæй, бæргæ хуарз уидæ Беслæни бæхти заводи фæзуати, аци номдзуд адæймагæн æ скульптурон сорæт æвæрд ку æрцæуидæ… Уадзæ æма 'й нæ бæхбæлбадгутæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ зононцæ, æ лæгдзийнæдтæй син бафæнзуйнаг æма разæнгардгæнæг куд уа…

Цийнаг рауадæй Иристони догъуарзгутæн 1969 анз: уæд фиццаг хатт фæуууæлахез æнцæ беслæйнæгтæ тæккæ кадгиндæр приз «Дерби»-бæл догъи Ростови («Устур ростоваг приз»). Рамулдта 'й сæнтсау рæсугъд Пигмей мастер-жокей Токарев Николай ибæл бадтæй, уотемæй, æ бацæттæгæнæг ба адтæй мастер-тренер, гизæйлаг Гудиати Ильяй фурт Хъазбег – Хъамбегати Джамботи ахуркæнуйнæгти сæрæндæртæй еу. Пигмей ма Ростови рамулдта иннæ кадгин призтæ еугурæй дæр, уой фæсте ба Киеви Еугурцæдесон ериси «Украини ССР-и номбæл приз». Ростови ипподроми ма еци анз дууæанздзуд догъонти 'хсæн ериси уайагæдæрæй фескъуæлхтæй сæуæхседхуз Ловелас (Гудий-фурти хайадæй). Æ кари догъонтæн ци кадгиндæр призтæ нисангонд адтæй, уони рамулдта еугурæй дæр.

*(Уодзæнæй ма)*

***Къартæ ист æнцæ социалон хизæгтæй***

**Уæрæсей студентти Бон (Татьяни бон) бæрæггонд цæудзæнæй 25 январи. Бæрæггонд ба цæуй императрицæ Елизаветæ Петри кизги фæндæй 1755 анзæй фæстæмæ.**

• *В телеге летом не катался, поскольку сани мастерил.*
☺ ☺ ☺
• *Ушел в себя, а там жена встречает.*

• *Сэнсэй умел ребром ладони, капусту в кадку шинковать.*
☺ ☺ ☺
• *Муж тоже может быть среди любимых.*

• *Коль человек вы, станьте человечней.*
☺ ☺ ☺
• *Пиши: убит тупым предметом, скорее всего, тупым ножом.*

## НÆ БÆРÆГБÆНТТÆ НÆ АДÆМÆН ЦИЙНÆДЗИЙНАДÆ ÆМА ЗÆРДТАГОН ЛÆВÆРТТÆЙ ЦИТГИЙНАГ УÆНТÆ!..



# ФАЦБАДÆН



Аци бæрæгбон кутемæй фæззиндтæй æма цæй фæдбæл æй, адæм æй сæрмагонд кувдтитæй цæмæ гæсгæ бæрæг кæнунцæ, уой фæдбæл берæ таурæхътæ æма хабæрттæ ес адæмон дзоргæ исфæлдистади дæр æма финстити дæр.

Раги дзамани, дан, куд Кавкази берæ рауæнти, уотæ махмæ Иристони еугур кæмтти дæр хаттæй тæссаг нез «еминæ», кæцимæй адæм сæдæгæйттæй-мингæйттæй æнæгъæнæ бийнонтæй, муггæгтæй æма гъæутæй цæгъдуни кодтонцæ, ефстæгтæ ма си фæййервæзиндæ айдагъдæр. Уобæл дзорæг æнцæ нæ берæ кæмтти æма гъæути ци берæ обæуттæ ес æма уоми ци берæ æстæгдар ес, етæ дæр.

«Емини» нез бафтудæй Дигоргоммæ дæр æма си берæ гъæути берæ адæм мардæнцæ. Берæ адæм ниццæгъдуни 'нцæ Уæхъæци, Хæнæзи, Мæхчески, Къамати, Фæснæли æма æндæр берæ гъæути. Аци уæззау хабæртти фæдбæл Хуцауи дзурдæй Дигоргоммæ æртахтæй Изæд-Идауæг, цæмæй фæййервæзун кодтайдæ Нарти фæдонтæй ма ка байзадæй, Дигори еци адæмти. Идауæг Дигори гъæутæбæл зелгæ иссудæй æма си мæрдти берæ обæуттæ кæми уидта, уонæй некæмибал æрсабур æй, мæ бон син нецæмæйбал æй фæййагъаз кæнун, зæгъгæ, æма æрбатахтæй Устур-Дигори зилди гъæутæмæ: Москæ, Одола, Нæуæггъæу, Устур-Дигорæ, Къуссу, Æхсæргинмæ æма æнгъæлмæ кæсун райдæдта «емини» фæззиндмæ.

Еци рæстæг Устур-Дигори 'рдæмæ цудæй аци гъæуккаг Хайманти Гими. Далæ Æхсæуи дæллæй кæмидæр фембалдæй «еминæ» бæлццонбæл æма æ фæсабæрцæ рабадтæй. Цæугæ-цæугæй, дзубандитæ кæнгæй, Гими балæдæрдтæй, а бæлццон «еминæ» ке 'й, уой ма си æхе куддæр-муддæртæй фæййеуварс кодта. Æндæр кæбæлдæртти тагъд-тагъдæй æрзилдæй ранимад гъæутæбæл æма син фæххабар кодта, цæмæй сæ дуæрттæ æма къæрæзгитæ æнгом нихгæнонцæ æма сæ маймайиддæр макæмæн байгон кæнонцæ.

Идауæг ба кæсуй æма дин далæ «еминæ» Дзинагъай æрдигæй хæрæмегъи хузи фæсцæгæттæ æрбабуруй. Идауæг карз уадæ фестадæй æма «емини» фæстæмæ ратардта. Фал уæддæр «еминæ» донгæйттæ-донгæнттæ Устур-Дигоргæмæ исервæзтæй æма хæдзæрттæбæл разелæ-базелæ исагайдта. Дуар ин байгон кодта айдагъдæр Гимий киндзæ æма рамардæй. Æвæдзи ин уайсадуни бæлахæй загъд не 'рцудæй.

Идауæг «емини» ку æрæстæфтæй, уæд æй сауæнгæ Мæцути уæнгæ фæттардта, фал бабæй «еминæ» кæфхъундари хузи Ирæфбæл исбурдæй. Идауæг Ирæф райвулун кодта æма æмбохгæ цæугæдон «емини» фæлласта.

Фæстагмæ «еминæ» сугъди хузи исæмпурста, фал Идауæг сахуарун фестадæй æма 'й нихсусун кодта. Уой фæсте «еминæ» цæфсгæ къудур фестадæй æма пеллонкалгæ гъæубæл æхе рауагъта. Идауæг æй гъæумæ не 'руагъта. Еци тæхгæ-тæхгæ 'й фехста æма æртæ хайи фæцæй. Æ еу хай фæттахтæй Билæгмæ æма уоми басугъдæй. Æ иннæ хай фæттахтæй Асинттæмæ æма уоми басугъдæй. Æртиккаг хай исхъæрттæй Сагъсазæни фæзæмæ æма уордигæй нæуæгæй æхе рауагъта фæстæмæ гъæумæ. Фал Идауæг бабæй райвулун кодта Ирæф æнæгъæнæ кæмтти идзаг æма «емини» цæфсгæ хай Ирæфи нихxаудтæй. Æ тæвдæй Ирæф исирадæй, фал нихxустæй. Æ хуст æхседарф ба зменси нихxастæй.

Идауæг, «емини» рамаргæй æма си Устур-Дигори зилди гъæутæ Устур-Дигорæ, Къуссу, Одола, Æхсæргин æма Мосги гъæути цæрæг адæмти фæййервæзун кæнгæй, æхе уæларвмæ исиста. Кæд иннæ кæмтти гъæути адæмтæй сæдæгæйттæ, мингæйттæ фæццæгъдуни 'нцæ, уæд аци ранимад гъæутæй ба айдагъдæр еунæг адæймаг бабун æй, Устур Хуцау æма Идауæги фæрци мæрдти обау дæр си некæми ес.

Сæ фæййервæзти фæдбæл цийнæ кæнгæй, адæм æрæмбурд æнцæ æма баунаффæ кодтонцæ алли анз дæр Идауæгæн устур кувд кæнуни тухxæй. Нæ кувд кæд æма кæци рауæн кæндзинан, зæгъгæ, уобæл берæ фæррадзорæ-бадзори фæсте син еу зундгин зæронд лæг загъта: «Саздахъи фат фехсетæ æма е кæми æрбада, уоми кæнетæ кувд», – зæгъгæ.

Гъæуи хъаурæгиндæр æма кадгиндæр лæгтæй еу, Хъургъости Байтемурухъ фехста саздахъи фат æма еци фат кæми æрбадтæй, уоми искодтонцæ кувд – «Фати бадæни» кувд. Уæдæй фæстæмæ фæффæткæ 'й аци кувд.

Ами ма ес æндæрхузи æздæх дæр. Фат, дан, фехста Идауæг æхуæдæг æма, дан, уой фат кæми æрбадтæй, уоми райдæдтонцæ кувд кæнун. Кæнгæ ба 'й кодтонцæ æнсури мæйи фæстаг къуæрей бæнтти, фæстаг Хуцауизæри æй райдайгæй.

Фæстагæрдæмæ адæм кувдтитæ кæнун райдæдтонцæ сæ хæдзæрттæ, алкедæр æхе бийнонти 'хсæн. Куд фæстæдæр, уотæ дзурд «Фати бадæн» дæр æхе æййевгæ рацудæй æма хуннун райдæдта «Фацбадæни кувд». Кодтонцæ 'й æма 'й кæнунцæ мæнæ раздæр ци гъæутæ ранимадтан, уонæми цæргутæ, уæдта си æндæр рауæнттæмæ ци берæ адæмтæ фæллигъдæй, етæ дæр. Бæрæг æй кæнунцæ иннæ гъæути цæрæг адæмæй дæр беретæ, сауæнгæ ма берæ ирон адæм дæр. Куд Геуæргобай бæрæгбæнттæ æма кувдтитæ, уотæ Фацбадæни бæрæгбон æма кувдтитæ дæр иссæнцæ нæ республики еугурадæмон. Æма гъæуама уотæ уа.

Кувдмæ рагацау исхæссунцæ галтæ, хуcкъаг гъоцитæ, тохъулитæ. Исфицунцæ бæгæни, хуарз ниуæзтæ, къумæл. Кувд райдайуй æнсури мæйи фæстаг хуцаубони æма рахæссуй майрæнбонмæ. Устур косæрттæ никкæнунцæ Хуцауизæри æма еци æхсæвæ ковун райдайунцæ. Цæуæн цуппæрæн ба ма нивгæрдунцæ рæуæгдæр косæрттæгтæ, далистæ, фустæ. «Фацбадæни» рæстæги косгæ неке кæнуй. Айдагъдæр кæнунцæ мийнасæ, ниуазгæ, заргæ, кафгæ, игъæлдзæг гъæзтитæ æма таурæхътæ, лæгдзийнадæ 'взарæн аллихузон гъæзтитæ. Гъæумæ, кенæ хæдзарæмæ иуазæг ку æрбафтуйуй, уæд ин рандæуни барæ нæбал фæууй майрæнбони уæнгæ. Гъæуама адæми хæццæ мийнасæ кæна, игъæлдзæг уа. Рагон дзаманти адæм майрæнбони æма сабати сæ хæсгæ галтæ, гъоцитæ æма тохъулитæ гъæунгтæ, тургътæмæ раудзиуонцæ æма сæмæ синхæйсинхмæ, гъæуæй-гъæумæ кæсунмæ цудæнцæ. Æвгæрдгæ ба сæ никкæниуонцæ Хуцауизæри. Кæрæдземæн дзориуонцæ ке косарт нарддæр адтæй, уой хабæрттæ. Уотæ уидæ æма еуæйеу хæсгæ галтæ, кенæ гъоцитæй истохиуонцæ дæсгай-æхсæрдæсгай (устур къабусгай асæ) фиутæ. Нур дæр ма ес уæхæн хабæрттæ. Фиццаг изæр синхгæйттæй исковиуонцæ сæ къеретæ, æхсæрфæнбæлтæ, бæгæни, къумæл æма уотæ идарддæр. Гъæугæйттæй ба уæд еу хæдзари, уæд иннæ хæдзари кæниуонцæ кувдтитæ. Уæхæн амонд уæд нæ адæми, цæмæй идарддæр кæнонцæ берæ кувдтитæ.

Абони ба Дигори дзиллæ зæрдрохсæй бæрæг кæнунцæ Фацбадæни бæрæгбон. Æма нæ Исфæлдесæгмæ ковгæй нæ ракувди табуйагдæр е æй, цæмæй нæ адæми цардиуагæ фæрнæйдзагæй амондгун уа, фулдурæй-фулдæр си уа цийни, кувдтитæ ке фæдбæл кæнонцæ, уæхæн цаутæ æма хабæрттæ. Æцæгæй-æцæгдæр нин куд кæна Фацбадæнти кадæн ракувд:

Табу, табу, не 'Дауæг!
Алтаматæн, не 'Дауæг!
Нæ сæр хезæг, не 'Дауæг!
Нæ нез сорæг, не 'Дауæг!
Не 'знаг сорæг, не 'Дауæг!
Нæ бæлццæнттæ æмбурд кæмæ кæнунцæ, не 'Дауæг!
Нæ мæнгæйтæ стур кæмæ кæнунцæ, не 'Дауæг!
Не 'знæгтæ федаунгæнæг æма хæстæгутæ æмбурдгæнæг,
Не 'Дауæг!
Уосгор лæхъуæнтæ дæр æнгъуд ци бæрæгбонмæ кæнунцæ,
Е дæр не 'Дауæг!
Уæ нæ сасæгхуар, не 'Дауæг!
Уæддæр дин табу кæнæн, не 'Дауæг!

***Æрмæг ист æй редакцион архивæй.***

## УОТÆ ЦÆМÆН ДЗОРÆН...



## ЦИ ЦОППАЙ КÆНИС?

Нæ фидтæлтæ хуæнхбæсти зин уавæрти цæргæй рæстмæ фæрæзнæ нæ ирдтонцæ метæй сæ цæрæн бунат, сæ фонс, сæ хумзæнхитæ багъæуай кæнунæн. Зæнхæгъæуагæ хуæнхаг ирон лæг уалдзæгæй фæззæгмæ, цалинмæ æ хумти тиллæг гомти нæ никкодтайдæ, уæдмæ лигъстæ кодта Хуари Уацеллайæн, карз уарунæй, ех уарунæй, карз хорæй нæ багъæуай кæнæ, кувдтитæ дин кæндзинан, зæгъгæ.

Хуари Уацелла уæлдай кадгиндæр адтæй ирон адæммæ. Рæсугъд нæлгоймаги дæр уобæл барстонцæ, Арвуацеллай хузæн æй, зæгъгæ. Зæнхæбæл хæран хъауритi хæццæ дæр е тох кæнуй, расорæ-басорæ сæ кæнуй, æ цæхæрæй сæ дзæхститæ кæнуй. Арвбæл, дан, мегъти кæрæнттæ цæхæртæ, æрттивтитæ уомæн фæккалунцæ. Гъо, фал арви цæф адæймагбæл ку рауайдæ, уæддæр æй Уацеллай фуд кодтонцæ. Уацеллайæй ба уæхæн æфсæрми кодтонцæ, æма ма си хатиртæ дæр курдтонцæ, ковгæ-ковун æй фарстонцæ, цæбæл нæмæ исмæстгун дæ, зæгъгæ. Ковдзинан дæмæ, косæрттæ дин кæндзинан, æцæг нæмæ фудæнхæ ма кæнæ, дæ азар нæбæл ма калæ, зæгъгæ, кориуонцæ.

Арв ке 'рцæвидæ, еци адæймагбæл кæун не 'нгъизтæй Арвуацеллай тæссæй. Адтæнцæ гъуддагхузз, мардбæл сикъит бакалиуонцæ, уæдта нæлгоймагæй, силгоймагæй кæрæдзей цæнгтæбæл æрхуæциуонцæ æма дæлармæй-уæлармæй Уацелламæ заргæ, ковгæ, коргæ, райгас æй кæнæ, зæгъгæ, ин æ алливарс кафиуонцæ. Еци æгъдау хундтæй Цоппай. Арвдзæфтæй æстæн хаттæй уæлдай хъæбæр гъигæдард нæ байгъфиуонцæ, арвæрттивдæй си ци ток бацæуидæ, уой уомæл зæнхæ æхемæ райсидæ, æма сæ кеми æрцæуæйиуонцæ.

Цоппай кæнунцæ киристон аргъауæни косгутæ дæр. Сæ турусатæ æма аргъауæни æндæр дзаумæуттæ гъæунгæмæ ку рахæссунцæ, еу аргъауæнæй иннемæ ку фæццæунцæ, уæд е дæр хуннуй Цоппай, дзиуари Цоппай.

Еци дууæ æгъдауемæ гæсгæ, адæймаг æнæсæрфат рацо-бацо ку фæккæнуй, уæд æй рафæрсунцæ: «Ци цоппай кæнис?» Гъома, æдзæлгъæдæй дæ рæстæг ци исафис, цæмæннæ ести косис?

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службæ Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **575.** Заказ **№ 106.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 23.01.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 23.01.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арæзийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рвæтæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**